



Enstriksyon sou Single Sign-On pou elèv

Yon sèl login pou tout pwogram aprantisaj sou Entènèt.



Atansyon Elèv: Clever se menm solisyon Single Sign-on (idantifikasyon inik) ki deja itilize nan plis pase 40 diferan aplikasyon pou elèv. Kounyea, li fasil pou ou jwenn tout pwogram aprantisaj nan yon sèl kote sou “Launch Pad.”

Kijan mwen ka konekte (login) sou Clever?

1) Ale sou Entènèt epi antre sou sit

<http://sso.browardschools.com>

ki va mennen w sou nouvo paj pou konekte epi louvri yon sesyon ak Clever (Clever login page). Gade imaj adwat-la. Klike sou “Log in With Active Directory”.



- 2) Kounyea l ap mennen ou sou paj Active Directory, louvri yon sesyon (log in Active Directory), gade imaj sou bò dwat la. Ou itilize paj sa pou louvri Office365, Pinnacle, Canvas, ak Clever.



- 3) **Non itilizatè (Username):** se nimewo elèv ak 6 chif (your Student 06 number)

Sou paj Active Directory Login, non itilizatè **pa bezwen** sifiks @my.browardschools.com.

- 4) **Modpas ou:** Itilize modpas pou Active Directory-ou. **(MODPAS PA CHANJE)**

Se menm modpas ou itilize pou log in nan SSO ak sou konpitè Windows ou.

- 5) Imaj ki sou bò dwat-la se yon kapti ekran (screenshot) anvan & apre ansyen ak NOUVO Clever Launchpad.



- 6) **Pou asistans:** Kontakte pwofesè ou ki va travay ak anplwaye ki lyezon teknoloji nan lekòl ou pou w jwenn èd ou bezwen!